

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

Pwogram Travay Agrikilti
(877) 466-9757.
dipa@labor.ny.gov

Enskripsyon Kontraktè Travay Agrikòl nan Eta New York LS 113.1 Konsèy ak Lis Verifikasyon

Pou evite reta initil nan tretman aplikasyon w, tanpri itilize lis verifikasyon sa a pou ede w asire ke tout bagay ki nesèsè yo pare. Anvan ou soumèt aplikasyon w:

- Ou dwe ranpli tout atik yo sou fòm LS 113.1.
- Oumenm ak kiltivatè w dwe siyen fòm nan.
- Ou dwe ajoute tout dokiman ki nesèsè yo.

Yo pa p ka trete aplikasyon w lan san enfòmasyon sa a.

Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen èd, tanpri kontakte Inite Sètifika ak Pèmi, enfòmasyon kontak la anwo a.

Aplikasyon pou Sètifika Enskripsyon Kontraktè nan Travay Agrikòl, LS 113.1

- Anlè paj la: Tcheke youn nan de kazyè yo pou swa yon Sètifika Enskripsyon oswa Pèmi Komisè Kan
- Mitan anlè paj la: Ranpli ane apwopriye pou peryòd enskripsyon an tankou:
 - 1ye Avril **2019** – 31 Mas **2020**
- Kazyè 9 ak 10: Bay enfòmasyon detaye sou lojman
- Kazyè 13a, 13b ak 13c: Bay to peman spesifik ak detaye. Divize yo pa kalite travay. Si yo peye w nan pousantaj pa pyès, presize gwosè oswa kapasite bwat oswa kès yo. Pa egzanp:

13a. Rekòlt	13b. Travay	13c. To
Pòm	Koupe	\$12.50 pa èdtan
Pòm	Rekòlte - Transfòmasyon	\$15.00 pou chak 20 barik
Pòm	Rekòlte - Fre	\$20.00 pou chak 20 barik

- Kazyè 17: Mete pi bon estimasyon pou kantite mwayèn èdtan pa jou. Pa mete yon seri èdtan.
- Kazyè 27/28: Ranpli tout atik yo. Ou dwe fè sa, FLC a.
- Kazyè 28: Ranpli atik sa a. Ou sipoze tcheke yonsèl kazyè:
 - Si non, tcheke "Non".
 - Si wi, tcheke "Wi" epi bay enfòmasyon adisyonèl yo te mande a.

Prèv Asirans

Gade Seksyon 29 nan LS 113.1 pou enfòmasyon jeneral ak enfòmasyon kontak pou mande fòm prèv asirans.

- Kiltivatè yo: prèv Asirans' Konpansasyon travayè (C-105.2 or U-26.3) oswa fòm egzansyon CE-200
 - Kiltivatè yo: prèv Asirans Andikap DB-120.1 oswa fòm egzansyon CE-200
 - FLC: prèv Asirans' Konpansasyon travayè (C-105.2 oswa U-26.3) oswa fòm egzansyon CE-200
 - FLC: prèv Asirans Andikap DB-120.1 oswa fòm egzansyon CE-200
- **CE-200, Yo pa ka re-itilize Sètifika egzansyon an** pou diferan aplikasyon, pa egzanp:
 - Si ou deja gen yon egzansyon pou yon diferan aplikasyon pèmi, ou dwe jwenn yon nouvo (avèk yon nouvo nimewo sètifika) pou enskripsyon Kontraktè travay agrikòl la.
 - Si ou deja gen yon egzansyon e ou planifye pou aplike pou yon sètifika enskripsyon nan plizyè fèm, ou dwe jwenn yon nouvo sètifika egzansyon (avèk yon nouvo nimewo sètifika) pou chak aplikasyon ki soumèt.
 - Si ou bezwen èd pou jwenn yon egzansyon atravè sitwèb Konpansasyon travayè, ou ta dwe mande kiltivatè a asistans. Sa a pral ede w, FLC a, ak kiltivatè a pou travay ansanm pou asire ke egzijans sa yo satisfè.

Prèv Anprent (si nesèsè)

Nouvo FLC yo ansanm avèk sila yo ki gen pèmi yo ki te revoke, refize, oswa sispann yo gen obligasyon pou jwenn anprent nan yon anplasman ki deziyen.

Gade sa ki nan anvlòp Enstriksyon pou Anprent Dijital pou Nouvo Aplikan pou Sètifika Enskripsyon Kontraktè Travay Agrikòl yo; fòm LS 121 pou konsèy.

- Mete resi frè anprent ou avèk aplikasyon w lan.
 - Sant anprent lan pral voye enfòmasyon w dirèkteman bay Depatman Travay.

Kenbe Dosye

Toulède kiltivatè ak Kontraktè Travay Agrikòl la dwe kenbe yon kopi aplikasyon an ansanm avèk dokiman ki anrapò.

Soumèt Aplikasyon

Voye pa lapòs aplikasyon LS 113.1 ki konplete a ansanm avèk tout dokiman obligatwa yo nan adrès ki anwo LS 113.1.